

MEMORANDÒM

POU : Prezidan an ak manm yo
Komite Skolè Boston

SOT NAN MEN : Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan

DAT : 25 me, 2022

OSIJÈ : Chwa lekòl, ane skolè 2022-2023

Objektif memorandòm sa a se pou fè demann pou yon chita tande piblik kapab fèt sou patisipasyon Boston nan pwogram Chwa Lekòl la pandan ane skolè 2022-2023 a, jou mèkredi, 25 me, 2022. Chita tande piblik la dwe fèt avan reyinyon Komite Skolè a.

Jan sa pale nan dokiman ki vin ansanm avèk lèt sa a, Lwa Refòm Edikasyonèl 1993 la (« Education al Reform Act of 1993 ») te modifye Lwa Chwa Lekòl Massachusetts la (« Massachusetts School Choice Law ») pou etabli yon prezonpsyon ke chak komite skolè va admèt moun ki pa abite nan distri a anba Pwogram Chwa a, amwenske ta gen yon vòt kontrè rive 1ye jen chak ane. Lalwa mande pou yon chita tande kapab fèt e pou yon rezolisyon ki deklare divès rezon pou abandon obligasyon chwa lekòl la deklare kòm pati rezolisyon pou non patisipasyon an.

Konsiderasyon nou pou pwoblèm sila yo ki enplike lòske n ap deside si Lekòl Piblik Boston yo dwe patisipe, ou non, nan Chwa Lekòl yo pandan ane skolè 2022-2023 a, baze sou (1) divès pwoblèm ki anrapò avèk deziyasyon plas pou elèv yo, (2) limitasyon espas, (3) divès enplikasyon pri/depans, ak (4) desizyon komite skolè sila yo ki nan kominote alantou yo.

1. Divès pwoblèm konsènan deziyasyon elèv yo

Nan moman sa a, nou prevwa yon enskripsyon de 49.846 elèv pou ane skolè 2022-2023 a. Nan moman aktyèl la, anviwon 49.927 elèv enskri nan Lekòl Piblik Boston. Men kòmman enplikasyon yo pou deziyasyon elèv sila yo ki pa abite nan distri a nan Lekòl Piblik Boston :

- Istorikman, pandan mwa jiyè, out, ak kòmansman septanm, yon gran kantite elèv ki abitan Boston kontinye chèche plas deziyen nan lekòl yo. Nou anba obligasyon pou nou founi yon deziyasyon pou abitan sa yo.
- Enskripsyon moun ki pa abitan vil la nan Lekòl Piblik Boston pa dwe gen yon pi gran priyorite pase abitan ki kontinye ap fè demann pou deziyasyon nan yon lekòl, rive jiska oktòb, jan nou note sa nan pati anwo a.

2. Enplikasyon pou espas

Lekòl Piblik Boston pa kapab mete yon kantite plas apa pou elèv ki pa abite nan distri a, ni nan divès lekòl patikilye, ni nan divès pwogram patikilye, ni nan kòmansman, ni pandan pwosesis demann nan, ni pandan pwosesis enskripsyon an. Elèv sila yo ki abitan distri a kapab ranpli yon demann e founi divès prèv lojman pou ke yo kapab jwenn yon plas deziyen. Obligasyon nou se founi plas pou abitan vil la.

Genyen divès lekòl ak pwogram ki popilè e ke plizyè abitan Boston chwazi. Se opinyon nou ke moun ki pa abite Boston kapab petèt chèche plas nan pwogram popilè nou yo, ki vin rann li enposib pou yon gran nonb abitan Boston jwenn plas. Nou prevwa ke abitan Boston yo ap itilize tout pwogram sa yo.

3. Enplikasyon pou pri depans

Kapab genyen divès depans ki pa t kalkile kòm pati bidjè a akòz nesosite pou n founi resous bay moun sila yo ki pa abite Boston. Divès pwogram spesyalize, sètadi, edikasyon espesyal (ki konplètman apa) ak pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle, gen yon limit gwose klas, oswa egzijans kantite manm pèsone, ki òdone (ki enparatif). Yo t ap oblije founi moun ki pa abitan vil la ki fè demann pou divès sèvis spesyalize avèk menm sèvis yo. Etandone ke kominote ozalantou yo manke sèvis ak pwogram pou elèv yo ki egzije pwogram spesyalize, enkapasite nou pou n retire tèt nou nan Chwa Lekòl la kapab koz yon gwo ogmantasyon elèv k ap sot nan lòt kominote k ap mande pou plas nan divès pwogram spesyalize, kote sa ka prezante kèk depans ki pa kalkile kòm pati bidjè a.

4. Desizyon Kominote Ozalantou yo

Pandan ane skolè 2021-2022 a, 150 distri skolè, pami yo : Boston, pa t patisipe nan Pwogram Chwa a. Pa t gen okenn nan kominote ozalantou Vil Boston yo ki te patisipe. Yo prevwa ke y ap kontinye rekòmande non patisipasyon pandan ane skolè 2022-2023 a. Lefètke kominote vwazen sa yo p ap patisipe nan Plan Chwa Lekòl eta a vle di ke elèv Boston yo p ap fè transfè pou y al nan sistèm skolè touprè yo, ki, pakonsekan, ap ouvri plas nan Lekòl Piblik Boston pou moun ki pa abite nan vil la.

5. Rekòmandasyon

Selon kantite enskripsyon nan Lekòl Piblik Boston aktyèlman, mwen rekòmande pou Komite Skolè a vote pou retire tèt li nan patisipasyon nan Plan Chwa Lekòl la pou ane skolè 2022-2023 a. Mwen rekòmande pou Komite Skolè fè vòt sa a nan Reyinyon Komite Skolè 25 me, 2022 a.

Ansanm avèk lèt sa a w ap jwenn Opinyon Konsiltatif Depatman Edikasyon an sou pwogram Chwa Lekòl la ak yon kopi lwa eta a konsènan afè chwa lekòl. Mèsi pou atansyon ou bay sijè sa a.

pyès ki vin ansanm avèk lèt sa a.